

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### A. Kacindekan

Dumasar kana hasil ngolah data dina bab IV, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

1. Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Teknik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012 saméméh ngagunakeun modél induktif Hilda Taba kawilang kurang (rata-rata: 68,6). Upama diperséntasekeun 15% (3 urang) kurang pisan, 35% (7 urang) kurang, 45 % (9 urang) cukup/sedeng, 5% (saurang) alus, jeung 0% alus pisan.
2. Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Teknik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012 sanggeus ngagunakeun modél induktif Hilda Taba kawilang alus. Upama diperséntasekeun, 25% (5 urang) alus pisan, 40% (8 urang) alus, 10% (2 urang) cukup, 25% (5 urang) kurang, jeung 0% kurang pisan.
3. Aya béda anu signifikan kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012 antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél induktif Hilda Taba, katitén dina hasil nguji hipotésisna nya éta  $t_{itung} (6,04) > t_{tabel} (2,86)$ . Hartina, modél induktif Hilda Taba bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng

siswa kelas XII SMK Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012.

## **B. Saran**

Sanggeus ngayakeun panalungtikan sarta ngabuktikeun hipotésis, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun pangajaran kamampuh ngaregepkeun dongéng.

1. Modél induktif Hilda Taba bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng. Ku kituna, ieu modél pangajaran dipiharep bisa jadi alternatif pikeun guru dina milih modél pangajaran.
2. Pikeun siswa, ronjatkeun rasa sumanget diajar jeung ronjatkeun deui kualitas daya regepna sangkan bisa nyangkem pelajaran kalayan hadé.
3. Ieu panalungtikan ngan dilakukeun dina pangajaran kamampuh ngaregepkeun dongéng ka siswa kelas XII SMK Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan anu leuwih jembar sangkan ngeuyeuban jeung méré hal-hal anu anyar pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran.